



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2.5 MILYON DOLA POU PWOTEJE TÈ AGRIKÒL KI GEN ANPIL VALÈ EPI KI A RISK NAN MID-HUDSON VALLEY A YO**

***Anons Sibvansyon an te fèt pandan Konferans Devlopman Rejyonal Dirab ak Gouvènans Kolaboratif Mid-Hudson lan***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 2.5 milyon dola yo te akòde pou finanse senk pwojè nan Mid-Hudson Valley a atravè pwogram Sibvansyon pou Egzekisyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl Eta yo (Farmland Protection Implementation Grant, FPIG) pou ede agrikiltè yo pwoteje plis pase 700 kawo tè agrikòl ki gen anpil valè epi ki a risk. Finansman an, yo te anonse pandan Konferans Devlopman Rejyonal Dirab ak Gouvènans Kolaboratif Gouvènè a (Governor's Mid-Hudson Regional Sustainable Development and Collaborative Governance Conference), sipòte kapasite fèm yo pou yo mentni tè yo itilize pou agrikilti yo epi pwoteje yo kont konstriksyon lotisman atravè dwa itilizasyon konsèvasyon pèmanan yo.

Ane sa fè pwogram pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la 20 an, epi anba lidèchip Gouvènè Cuomo, non sèlman Eta a redinamize inisyativ la, men tou li pral mete disponib nivo finansman istorik pou prezèvasyon tè agrikòl yo. Depi 2011, Eta te deja investi preske 40.9 milyon dola pou 58 pwojè toupatoou atravè eta a.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Agrikiltè ki travay di New York yo enpòtan anpil pou ekonomi an, pou anplwa anpil milye moun toupatoou atravè eta a epi pou kiltive pwodwi san parèy. Avèk finansman sa a, nou ap kontinye investi nan jenerasyon agrikiltè k ap vini nan Mid-Hudson Valley yo epi ede yo asire yon avni dirab pou tout endistri a.”

Pwogram pou Egzekisyon Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl yo fè pati Fon pou Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la ki plis ke double nan Bidjè ane 2016 Eta New York la, sa ki ogmante finansman pou rive 300 milyon dola. Yo te ogmante finansman pou pwogram lan plis pase 5 milyon dola ane sa a. Ogmantasyon sa a kontinye ajoute tou sou investisman istorik pou pwoteksyon tè agrikòl yo, ki gen ladan l 20 milyon dola pou Pwogram Ranfòsman Agrikilti nan Hudson Valley (Hudson Valley Agricultural Enhancement Program).

**Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan pandan l t ap prezide Konferans Devlopman Dirab nan Hyde Park la te di:** “Antanke Gouvènè Adjwen, mwen vwayaje nan tout Eta epi mwen pase ase tan nan kominote riral yo. Mwen wè avèk pwòp je mwen kijan investisman estratejik nan sektè agrikòl la ede pouse ekonomi an tout antye vè lavan. Nan Hudson Valley ak toupatoou atravè New York, nou dwe kontinye pwoteje tè agrikòl ki gen anpil valè yo pou enprent agrikòl nou ka agrandi epi pou pwodiktè nou yo ka pwospere pou anpil jenerasyon k ap vini.”

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) a ap jere pwogram pou Egzekisyon Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la yo. Minisipalite, konte, distri konsèvasyon tè ak dlo ak òganizasyon konsèvasyon abi non likratif yo, oswa pwopriyete fonsyè yo, te elijib pou yo aplike pou sibvansyon endividyèl dapre 14èm seri Demand Pwopozisyon konpetitif pou Egzekisyon Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl yo. Fèm yo ki te pwoteje pa pwogram lan rete taksab.

### **Óganizasyon k ap resevwa finansman yo gen ladan yo:**

#### **Orange County Land Trust for The Farmer's Daughter Farm, Town of Montgomery (Pwopriyete Fonsyè Konte Orange pou Farmer's Daughter, Vilaj Montgomery) – 300,298 Dola**

Pwopriyete fonsyè sa a pral pwoteje 197 kawo tè fèm The Farmer's Daughter a yon fason pèmanan. Pwopriyete sa a sitiye nan Konte Orange, se yon fèm ki gen gwo priyorite Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan (Scenic Hudson Land Trust) te deziyen pou pwoteksyon anndan "chèn pwodiksyon alimantè" Hudson Valley/New York City a. Pwojè sa a pral ede operatè fèm yo achte tè bon mache nan men mèt tè aktyèl yo epi konsa yo ka kontinye itilize tè a yo pou agrikilti. Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan pral kontribye 105 582 dola nan pwojè sa a.

#### **Dutchess Land Conservancy for Uphill Farm, Town of Stanford (Konsèvasyon Tè pou Uphill Farm, Vilaj Stanford) – 467 645 Dola**

Pwopriyete fonsyè sa a pral pwoteje yon fason pèmanan 112 kawo tè yon pòsyon nan Uphill Farm ki fè pwovizyon vyann bèf nan Konte Dutchess la. Pwojè sa a pral ede kòmanse yon faz transfè fèm lan antyè kote mèt tè yo pral pase posesyon bay agrikiltè ki lwe pwopriyete sa yo nan kad operasyon fèm yo epi nan konsa kontinye itilize l pou agrikilti. Uphill Farms se fèm ki gen pi gwo priyorite Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan te deziyen pou pwoteksyon anndan "chèn pwodiksyon alimantè" Hudson Valley/New York City a. Konsèvasyon Tè Konte Dutchess la pral kontribye 5 000 dola nan pwojè sa a.

#### **Dutchess Land Conservancy for Potts Farm, Town of Redhook (Konsèvasyon Tè pou Potts Farm, Vilaj Redhook) – 343 975 Dola**

Pwopriyete fonsyè sa a pral pwoteje Potts Farm yon fason pèmanan, ki se 73 kawo tè yo itilize pou kiltive legim pou vann ki sitiye nan Konte Dutchess la. Potts Farm se yon fèm ki gen gwo priyorite Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan te deziyen pou pwoteksyon anndan "chèn pwodiksyon alimantè" Hudson Valley/New York City a. Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan pral kontribye 129 610 dola epi Konsèvasyon Tè Dutchess la pral kontribye 5 000 dola nan pwojè sa a.

#### **Columbia Land Conservancy for Chaseholm Farm, Town of Pine Plains (Konsèvasyon Tè Columbia pou Chaseholm Farm, Vilaj Pine Plains) – 762 725 Dola**

Pwopriyete fonsyè sa a pral pwoteje Chaseholm Farm yon fason pèmanan, ki se 175 kawo tè fèm pwodwi letye nan Konte Dutchess la. Yon dwa itilizasyon pou konsèvasyon pèmanan an te deja pwoteje yon pòsyon nan Chaseholm Farm ki mezire 109 kawo (ki sitiye nan Konte Columbia) kòm rezilta yon finansman FPIG yo te akòde pwopriyete fonsyè sa a. Pwojè sa a pral ede fasilite yon lòt transfè fanmi ant diferan jenerasyon rès jesyon fèm nan, ki deja gen pwòp transfòmasyon pa li ankou pou l vin yon fèm pwodwi

letye òganik. Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson pral kontribye 268 225 dola epi Konsèvasyon Tè Dutchess la pral kontribye 246 225 dola nan pwojè sa a.

**Sullivan County for Pellah Farms, Town od Bethel (Konte Sullivan pou Pellah Farms, Vilaj Bethel) - 652 500 Dola**

Pwopriyete fonsyè sa a pral pwoteje 196 kawo tè yon fason pèmanan, ki fonksyone kòm yon pati nan letri Bethel Creamery, ki asosye ak Pellah Farms lan. Pwojè sa a pral ede finansè acha tè ki tou pre lòt tè letri Bethel Creamery yo. Letri Bethel Creamery a se yon fèm pwodwi letye yo sètifye òganik, ki kosher, ki gen pwòp sant enstalasyon boutèy li epi ki pral agrandi pwochènman pou l gen ladan pwodiksyon yogout òganik, ki kosher.

**Prezidan Komite Agrikilti Sena, Senatè Patty Ritchie te di:** “Agrikilti se youn nan endistri k ap mennen plis nan New York, epi si nou vle l rete konsa, nou bezwen pran mezi pou nou pwoteje tè agrikiltè ki travay di nou yo itilize pou kiltive danre ak lòt aktivite ki gen rapò ak fonksyonman fèm yo. Mwen se yon defansè fyè pou finansman pwogram sa a, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt konbyen li fondamantal pou nou asire sektè agrikòl la kontinye ranfòse ekonomi nou an, kreye travay epi gen yon avni briyan nan Eta New York.”

**Prezidan Komite Agrikilti Asanble a Bill Magee te di:** “Li enperatif pou agrikiltè, kiltivatè ak pwodiktè pwodwi alimantè ak pwodwi agrikòl nou tout bezwen epi nou jwi yo kontinye itilize tè agrikòl ki vyab yo. Angajman sa a pral ede mèt tè yo pwoteje tè yo, pandan l ap ede agrandi ekonomi agrikòl la nan Eta New York la.”

**Senatè Bill Larkin te di:** “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l mete pwoteksyon tè agrikòl Hudson Valley a yo yon priyorite epi paske l ap pwoteje 197 kawo tè The Farmer’s Daughter Farm lan nan Montgomery. Lè nou pwoteje tè agrikòl a risk sa yo, nou ap asire agrikilti nan fanmi pral kontinye epi pwospere nan Konte Orange pou anpil ane k ap vini ankò. Mwen vle remèsye tou Pwopriyete Fonsyè Scenic Hudson lan pou patenarya l nan pwojè sa a. Lè nou travay ansanm, nou kapab fè agrikilti rete yon endistri vibran ki gen anpil siksè nan Hudson Valley.”

**Senatè John Bonacic te di:** “Endistri agrikòl la se youn nan sektè ekonomik ki pi enpòtan nan Hudson Valley, epi mwen kontan anpil pou m sipòte bidjè ane sa a ki mete plis finansman disponib pou ogmante Fon pou Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la rive 300 milyon dola. Prezèvasyon plis pase 700 kawo tè agrikòl la yo pral pèmèt agrikiltè nan Hudson Valley yo kontinye travay tè yo, epi pwoteje l kont konstriksyon lotisman.”

**Senatè Sue Serino te di:** “Fèm lokal nou yo jwe yon wòl enpòtan nan kominote nou an epi nou gen yon responsablite ijan pou nou asire yo gen zouti yo bezwen pou yo kontinye fonksyone isit la menm nan rejyon nou an. Pwogram pou Egzekisyon Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la ap ede nou pou asire avèk efikasite tout fèm nan rejyon nou an yo rete vyab, pou yo kapab kontribiye epi ajoute valè nan kominote lokal nou an. Nou gen Gouvènè a ansanm ak patnè lokal nou yo larekonesans paske yo ap itilize pwogram lan pou ranfòse fèm ki isit la nan kominote nou an yo.”

**Manm Asanble Aileen Gunther te di:** “Non sèlman agrikilti se yon pati entegral nan ekonomi nou an, men tou li se yon pati rich nan istwa nou nan Konte Sullivan lan. Envestisman nan agrikilti se yon bon jan investisman ki bay gwo randman, epi

Gouvènè Cuomo konnen sa a. Mwen remèsye l pou angajman l pran pou prezève fèm nou yo ak pwoteje agrikiltè nou yo.”

**Manm Asanble Didi Barrett te di:** “Gen anpil ti fèm fanmi ak fèm fanmi mwayen ki nan Hudson Valley ki se yon pati esansyèl nan ekonomi ak kilti lokal nou an. Reyalite a sèke gen anpil nan menm fèm sa yo ki a risk pou devlopman. Envestisman tankou èd sa a ap ede asire nou prezève tè agrikòl ki gen kalib mondyal nou an yo epi pèmèt nou pwoteje sous pwodwi alimantè fòtifyan lokal nou yo pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak ekip li a pou sipò kontini yo pote pou prezèvasyon tè agrikòl la yo.”

**Delege Depatman Agrikòl Eta New York la, Richard A. Ball te di:** “Sipò kontini Gouvènè a pou prezèvasyon tè agrikòl la yo ap genyen yon enpak enpòtan sou pwoteksyon ak retansyon tè agrikòl eta yo jounen jodi a pou agrikiltè New York yo alavni. Pwojè sa yo ap akòde jodi a yo pral asire divèsite nan sektè agrikòl New York la, epi nan anpil ka, sa pral ede agrikiltè yo modènize fonksyonman yo.”

**Direktè Pwopriyete Fonsyè Tè Agrikòl Eta New York la (American Farmland Trust), David Haight te di:** “Nou aplodi Gouvènè Cuomo, Delege Ball ak Lejislati Eta a paske yo pran mezi agresif pou investi plis dola eta nan konsèvasyon tè agrikòl epi mentni angajman yo pran pou konplete pwojè konsèvasyon tè agrikòl eta finansè yo pi rapid. Nan kad 20èm anivèsè finansman eta pou pwoteje tè agrikòl New York yo yon fason pèmanan, li klè resous sa yo enpòtan anpil pou bagay Nouyòkè yo sousye de yo - pou asire kapasite nou pou n kiltive pwodwi alimantè lokal, ranfòse ekonomi nou an epi pote nouvel jenerasyon agrikiltè vin kiltive tè yo. Envestisman sa yo eta ap fè yo enpòtan jounen jodi a menm jan ak lè pwogram lan te kòmanse depi de deseni deja.”

**Prezidan Biwo Fèm New York la (New York Farm Bureau), Dean Norton te di:** “Sibvansyon pou Pwoteksyon Tè Agrikòl la yo jwe yon wòl enpòtan nan prezèvasyon fèm yo pou jenerasyon k ap vini yo. Non sèlman pwogram la kenbe meyè kalite tè agrikòl yo an pwodiksyon, li mete finansman disponib tou pou yon agrikiltè ka reyenvesti nan pwòp fonksyonman pa li pou li ka agrandi biznis li. Biwo Fèm New York la apresye angajman eta pran nan kad pwogram ki gen anpil valè sa a.”

Pandan plizyè ane ki sot pase a yo, Depatman t ap mete fondasyon pou yon Pwogram pou Pwoteksyon Tè Agrikòl (Agricultural and Farmland Protection Program) ki pi solid epi ki pi divèsifye ki ka ofri kounye a sibvansyon pou reponn a plis varyete inisyativ pwoteksyon tè agrikòl gouvènman lokal yo te idantifye kòm pwogram ki enpòtan pou kwasans yo. Pa egzanp, gen ti sibvansyon pou revize lwa lokal yo pou retire restriksyon ki pa rezonab yo sou fonksyonman fèm yo epi ankouraje minisipalite yo etabli pwogram pou Dwa Devlopman Transfè (Transfer of Development Rights) ak dwa devlopman lwaye yo.

###